

Pou enskri pitit ou nan yon lekòl

Pou enskri pitit ou nan lekòl, men sa w bezwen pou pote :

1. Prè v laj ti moun nan

(Se kapab yon batistè de nenpòt ki peyi, deklarasyon devan notè de yon paran ou yon fanmi, oubyen yon ansyen dosye lekòl).

2. Prè v adrès kote l rete

(pa egzanzp, se kab papye ou siyen pou kote ou lwe a, oubyen yon bil ou peye kit se telefòn, gaz oubyen elektrik).

3. Rèkòd vaksen ti moun nan

(si ta gen bezwen, distrik ansyen lekòl ou osnon yon doktè kapab konfime nan telefòn ke ti moun nan déjà pran vaksen l, apre sa l a voye rèkòd yo pi ta pa lapòs)



Ou **PA** gen
pou prezante okenn
lòt dokiman

Pi gran tribinal peyi a bay lòd ke pitit tout imigran kab al lekòl (Plyler v. Doe, 1982)

Si ou bezwen enfòmasyon nan men avoka, kontakte:

Education Law Center (215- 238-6970)

Pou Enfòmasyon jeneral, rele :

Welcoming Center for New Pennsylvanians (215) 557-2625

Pou enskri pitit ou nan yon lekòl

✓ Lò ou anwole pitit ou nan yon lekòl , kit li piblik, chatè osnon prive, fòk ou siyen yon deklarasyon devan notè konsènan rèkòd disiplinè pitit ou. Deklarasyon sa a gen pou l di si yo janm te ranvwaye pitit ou an pou kèk tan oubyen si li te ranvwaye san l pa ka tounen ankò poutèt sèten pwoblèm tankou vyolans.

✓ Lekòl yo paka mande **OKEN LÒT RÈKÒD**, tankou foto idantifikasyon, nimewo sosyal, viza paspò, papyè imigrasyon, rezon ki fè ti mounn nan abite avè w, oubyen papyè tribinal konsènan pouki ti mounn nan li nan fostè. Nouvo lekòl la responsab pou l jwenn rèkòd ansyen lekòl la. Ansyen lekòl la dwe voye yo nan lespas de 10 jou nouvo lekòl la te fè demann nan.

✓ Lekòl yo dwe enskri ti mounn nan sou 10 jou regilye ke li resevwa enfòmasyon li te mande a. (Lekòl yo pa gen dwa refize enskri yon ti mounn paske gen reta pou resevwa rèkòd ansyen lekòl la, oubyen pwoblèm lekòl la ta genyen pou l plase ti mounn nan, oubyen poutèt se kèk jou sèlman ki rete nan ane eskolè a).

✓ Lekòl yo **PA GEN DWA** chèche konnen zafè imigrasyon ti mounn nan pandan y ap admèt li nan lekòl la.

Enfòmasyon sa a soti nan: *Pennsylvania State Code, Sect. 11.11 Basic Education Circular, 24P. S.#13-1301*

Pi gran tribinal peyi a bay lòd ke pitit tout imigran kab al lekòl (Plyler v. Doe, 1982)

Si ou bezwen enfòmasyon nan men avoka, kontakte:

Education Law Center (215- 238-6970)

Pou Enfòmasyon jeneral, rele :

Welcoming Center for New Pennsylvanians (215) 557-2625